




Plan Angajman Paran ak Fanmi Tit I – 2017-2018

Lekòl Primè Auburndale Central



Entwodiksyon jeneral sou vizyon lekòl la pou angajman paran ak fanmi yo.

Lekòl Primè Auburndale Central ap fè tout jefò li kapab pou li BATI RAPÒ k'ap kreye angajman fanmi reyèl pou chak timoun, chak fanmi, chak pwofesè, chak jou. Pòt nou yo toujou ouvè e nou akeyi tout paran y o ak fanmi yo pou yo patisipe nan aprantisaj pitit yo.

Yo te envite e ankouraje tout paran/fanmi yo pou yo bay opinyon ak sijesyon yo sou devlope/revize plan sa a. Plan sa a disponn nan sit entènèt lekòl ou an e nan kaye nòt enfòmasyon Tit I an ki nan biwo lekòl nou an.

Direktè: Oclair Dat: 10/16/17

Patisipasyon Paran yo	
Si plan pwogram anba banyè Seksyon 1116 (b) (1) pa satisfè paran ki gen timoun k'ap patisipe nan pwogram sa a, lekòl la ap mete/soumèt kòmantè paran yo nan plan an ki pral a dispozisyon ajans edikasyon lokal la. Seksyon 1116(b) (4) . Pwogram Tit I nan Lekòl Piblik nan Kanton Polk la mande lekòl yo pou yo soumèt prèv ki montre paran yo bay opinyon yo e yo apwouve fason lajan an depanse. Yo dwe kontwòle prèv sa yo pou wè si yo obeyi prensip yo e yo dwe kenbe yo nan dosye sistèm kontwòl dosye Tit I sou entènèt la. Yo ranmase opinyon paran yo pandan yon reyinyon paran oswa pandan reyinyon komite SAC lekòl la.	
<i>Detaye kouman plan sa a se responsablite tout pati li ye fanmi yo bay opinyon yo pou revize e amelyore plan sa a. A ki vitès.</i>	Yo envite tout paran yo/fanmi yo pou yo patisipe nan devlope e revize plan sa a. Yo itilize opinyon ak sijesyon paran yo pou yo debat/revize plan sa twa (3) fwa nan ane a.
<i>Kouman ou itilize enfòmasyon nan revizyon plan an pou bati estrateji pou gen angajman ki pi efikas?</i>	Nou revize plan sa a twa (3) fwa nan ane a pou tcheke pwogrè ki fèt epi pou yo fè chanjman ki te planifye yo. Revizyon done elèv yo ba nou enfòmasyon enpòtan ki ede nou deside ki kote nou bezwen plis sipò pou ede fanmi nou yo konprann pwogram nan, egzamen leta yo epi ba yo estrateji, materyèl ak resous yo bezwen pou yo sipòte sa pitit yo ap aprann lakay la.
<i>Kouman w'ap ankouraje paran/fanmi yo nan desizyon k'ap pran sou kouman pwogram Tit I w yo e kouman lajan Tit I w yo pral itilize pou Aktivite Angajman Paran ak Fanmi yo?</i>	Nou fè sondaj bò kote paran yo lè n'ap devlope/revize plan sa a e nou mande yo ki kalite fòmasyon e oswa atelye yo ta renmen lekòl la ba yo. Lekòl la jwenn mwayen pou ede paran yo nan reyisit akademik yo. Yo itilize rezilta ki soti nan sondaj paran yo pou yo planifye fòmasyon paran yo ak pèsònèl lekòl la.
<i>Ki prèv ou genyen pou w pwouve patisipasyon paran/fanmi yo nan ekri/revize plan w lan (dat reyinyon, kanè leson, rezime reyinyon yo, tablo, paraf sou papyè)?</i>	Pwogram Lekòl Tit I nan Kanton Polk la mande pou tout lekòl Tit I òganize yon reyinyon pou devlope oswa ekri/revize "Règleman Angajman Paran ak Fanmi" yo. Yo mande lekòl yo pou yo bay prèv ki montre: kouman yo te envite paran yo, yon ajennda reyinyon, fèy ki gen paraf patisipan yo, rezime reyinyon yo e/oswa opinyon presi paran yo bay. Kòdonatè pwogram Tit I an kontwòle lekòl yo konsènan obeyisans prensip yo, e yo fè kopi prèv yo pou yo konsève yo nan yon dosye kontwòl sou entènèt la.
<i>Kouman plan sa a ap ede mete enstriksyon kalite siperyè pou tout elèv yo?</i>	Plan sa a ede nou rasire nou bay paran yo/fanmi yo enfòmasyon, materyèl ak resous yo bezwen pou yo sipòte sa pitit yo ap aprann lakay yo, nan ofri paran yo atelye sou Kritè Lekòl leta Florid la, alfabetizasyon ak estrateji egzamen, nan lide pou sipòte enstriksyon kalite siperyè k'ap fèt pandan jounen lekòl la.
<i>Kouman lekòl la ap pataje kòmantè li resevwa nan men paran yo/fanmi yo?</i>	Yo pran an kont, ekri e konsève nan dosye pou FLDOE e pou Distri a tout kòmantè ak sijesyon paran yo bay sou plan an kòm prèv yo te bay opinyon yo. Lè sa posib, yo antre sijesyon paran yo nan plan an.
<i>Nan ki mwayen plan sa a disponn pou kominote a?</i>	Plan sa a disponn pou tout paran yo, asosye biznis yo ak Komite Komite Lekòl la. Plan an disponn tou nan sit entènèt lekòl nou an e nan kaye enfòmasyon paran Tit I an ki twouve l nan biwo lekòl la.

Reyinyon Anyèl Paran

Lekòl la ap òganize yon reyinyon anyèl pou enfòmasyon paran timoun k'ap patisipe nan pwogram yo sou pwogram Tit I lekòl la, ki sa pwogram Tit I an ye (èd nan tout lekòl la oswa èd presi), chwa lekòl, dwa paran yo, epi bay enfòmasyon san pèdi tan konsènan pwogram Tit I yo. **Seksyon 1116(c)(1)**

<p>Chak lekòl Tit I nan Kanton Polk la gen obligasyon pou l òganize yon Reyinyon Anyèl apati 30 septanm. Yo kontwole lekòl yo pou rasire yo envite paran yo nan Reyinyon anyèl la san pèdi tan, epi avi yo al jwenn paran yo nan lang pa yo e nan plizyè fason (nan valiz lekòl, nan pewon lekòl la, nan sit entènèt lekòl la, nan journal lekòl la, apèl). Lekòl yo gen obligasyon pou yo fè yon evalyasyon paran nan reyinyon an pou kolekte opinyon yo. Yo konsève prèv lekòl yo obeye prensip yo: avi ak envitasyon, kanè leson, fèy paraf yo, kopi PowerPoint ak enfòmasyon presi lekòl la epi evalyasyon paran yo.</p>	
<p>Nan ki dat ak ki lè w'ap òganize reyinyon w yo?</p>	<p>21 septanm 2017 a 5pm.</p>
<p>Avi e Envitasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> o Kouman w'ap enfòmasyon e envite paran/fanmi yo san pèdi tan konsènan Reyinyon Anyèl yo? 	<p>Ajennda reyinyon Anyèl Paran nou yo ap gen ladann yon gwoup prezantasyon konplè sou PowerPoint konsènan kouman pwogram Tit I yo benefisye elèv nou yo, lekòl choice yo, dwa paran yo pou yo jwenn enfòmasyon sou kalifikasyon pwofesè e/oswa asistan pwofesè pitit yo. Anplis, y'ap debat enfòmasyon konsènan plan sa a, bidjè a ak pake kontra lekòl la.</p> <p>Aprè gran reyinyon k'ap fèt nan kafeterya a, yo ankouraje paran yo pou yo vizite sal klas pitit yo pou yo kapab tande enfòmasyon presi sou pwogram nan ak sou egzamen leta pitit yo ap gen pou yo sibi.</p>
<p>Enfòmasyon:</p> <p>Tanpri detaye kouman reyinyon w lan ap kouvri enfòmasyon konsènan:</p> <ul style="list-style-type: none"> o Pwogram Tit I yo, benefis yo, e ki efè yo fè sou lekòl ou; chwa lekòl; dwa paran yo pou yo jwenn enfòmasyon ((kalifikasyon pwofesè pitit yo, oswa asistan pwofesè yo, e/oswa si pitit yo ap resevwa enstriksyon pandan 4 semèn ou plis nan men yon pwofesè k'ap anseye yon matyè ki pa branch li). 	<p>Kòdonatè Angajman Paran ak Fanmi Tit I Distri a bay chak lekòl yon mwayen Prezantasyon Power Point ki gen enfòmasyon sou; 1. Pwogram Tit I an; 2. Dwa Paran yo pou yo jwenn enfòmasyon; 3. Enfòmasyon sou Pwogram e Evalyasyon; 3. Fason paran yo kapab patisipe; 4. Lekòl Choice ak kalifikasyon pwofesè oswa asistan pwofesè pitit yo; epi 5. Enfòmasyon konsènan si pitit yo ap resevwa enstriksyon pandan 4 semèn ou plis nan men yon pwofesè k'ap anseye yon matyè ki pa branch li.</p> <p>Lekòl yo gen dwa chanje Power Point yo pou yo eksplike kouman lajan Tit I yo itilize pou ogmante reyisit elèv yo epi ankouraje angajman paran ak fanmi yo, fason paran yo kapab patisipe nan lekòl yo, fason yo ka antre an kontak ak pèsònèl lekòl la epi enfòmasyon sou pwogram lekòl la.</p> <p>Pwogram Tit I Lekòl Piblik nan Kanton Polk la bay tout lekòl Tit I yo yon lèt ki enfòmasyon paran yo sou dwa yo genyen. Yo mete lèt sa nan valiz lekòl tout elèv yo pou yo pote bay paran yo depi premye semèn lekòl la. Lekòl yo gen obligasyon tou pou yo mete yon kopi lèt ki konsène "Dwa Paran yo pou yo jwenn Enfòmasyon" an nan sit entènèt lekòl yo e nan kaye nòt enfòmasyon paran ak fanmi ki nan biwo lekòl la. Biwo Tit I distri a kontwole e li kenbe enfòmasyon sou bagay sa a nan dosye li.</p>
<p>Baryè:</p> <ul style="list-style-type: none"> o Ki baryè w'ap di paran/fanmi yo ki egziste nan ankouraje yo pou yo vin patisipe? Egzanp: Gadri, Transpò, Manje, Tradiksyon 	<p>Yo pa ofri tout paran yo sèvis transpò; men, si nou wè yon fanmi ki gen bezwen transpò pou yo vin patisipe, nou travay pou nou jwenn yon solisyon. Materyèl nou bay yo tradi nan lang Angle, Espanyòl ak Kreyòl Ayisyen, e n'ap mete tradiktè nan reyinyon yo. Ap gen ti manje leje pou moun pase nan bouch yo aprè reyinyon an. Paran yo kapab vini ak pitit yo nan reyinyon an, konsa sèvis gadri pa nesèsè.</p>
<p>Evalyasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> o Kouman w'ap fè rekeyi opinyon paran yo konsènan reyinyon an? 	<p>Plan sa a ede rasire nou bay paran yo/fanmi yo enfòmasyon, materyèl al resous yo bezwen pou ede pitit yo aprann lakay la, nan ofri paran yo atelye sou Kritè Lekòl Florid yo, alfabetizasyon ak konsèy pou yo konpoze, nan lide pou sipòte enstriksyon kalite siperyè k'ap fèt pandan jounen lekòl la.</p>
<p>Paran ki pa vini yo</p> <ul style="list-style-type: none"> o Kouman w'ap voye enfòmasyon reyinyon an ba yo? 	<p>Pou paran ki pa kapab vini nan reyinyon yo, ap gen yon kopi prezantasyon powerpoint lan k'ap disponib nan Kaye Nòt PIN nan biwo lekòl la.</p>

Reyinyon Paran nan Lè ki Bon pou yo:

Lekòl la òganize fòmasyon, reyinyon ak aktivite fanmi nan lè ak dat ki bon pou yo pandan tout ane lekòl la. Si paran yo mande sa, y'ap ba yo opòtinite reyinyon regilye pou yo patisipe nan desizyon k'ap pran konsènan edikasyon pitit yo. Si sa rezonab e nesèsè, lekòl la ka itilize lajan Tit I pou l mete sèvis transpò, gadri ak vizit lakay paran yo. **Seksyon 1116(c) (2) (8)**

<p>Detaye kouman w'ap mete dat ak ki bon pou tout moun patisipe nan aktivite, nan atelye, yon fason pou tout paran yo ka gen opòtinite pou vini.</p>	<p>Pou paran ki pa kapab vini nan reyinyon yo, ap gen yon kopi prezantasyon powerpoint lan k'ap disponib nan Kaye Nòt PIN nan biwo lekòl la.</p>
<p>Detaye ki sèvis gadri, vizit lakay e/oswa transpò lekòl ou a mete sou pye.</p>	<p>Paran yo ka mennen pitit yo nan aktivite patisipasyon paran yo. Yo ka fè lòt aranjman si nesèsè e selon demann paran yo.</p>

Bati Kapasite Paran yo

Lekòl la ap aplike aktivite k'ap bati kapasite pou patisipasyon paran fò, nan lide pou l rasire l patisipasyon paran yo efikas, epi pou sipòte yon kolaborasyon ant lekòl ki konsène a, paran yo ak kominote a pou amelyore reyisit akademik elèv yo **[Seksyon 1116(e) (1-3)]**. Lekòl la ap mete materyèl ak fòmasyon pou ede paran yo travay ak pitit yo pou amelyore reyisit akademik yo. **[Seksyon 1116(e) (2)]**.

Eksplike kouman ou envite paran yo vin patisipe nan aktivite tankou fòmasyon paran ki konekte ak reyisit pitit yo.

- Fason lekòl ou a ede paran yo konprann konprann yon seri sijè tankou: kritè lekòl Florid yo, egzamen leta yo, nivo reyisit oswa konpetans, epi kouman pou yo kontwole pwogrè pitit yo.

Sijè – Tit li	Efè sou Reyisit Elèv la	Materyèl	Dat/Lè ki Prewwa Èske li bon pou yo?	Traspò	Kolasyon	Gadri	Tradiksyon
Pwogram Kritè Lekòl Florid yo	Bay paran chak nivo klas enfòmasyon sou kritè lekòl yo e sou kouman yo ka ede pitit yo lakay yo. Klas 3è-5è ane ap pran tès leta FSA.	Enfòmasyon sou ki kote pou yo jwenn Kritè Lekòl Florid yo pou Chak Klas.	<u>12 oktòb, matematik 5pm</u> , Klas 3è,4è& 5è Ane <u>12 oktòb, lekti 5pm</u> , Klas 3è, 4è& 5è Ane <u>12 oktòb, syans, 5pm</u> pou klas 5è Ane				X X X
Egzamen Leta & Nivo Reyisit	Bay paran yo estrateji sou egzamen yo epi enfòmasyon sou egzamen pitit yo ap gen pou yo.	Y'ap bay paran yo modèlm keksyon egzamen ak konsèy egzamen pou yo ede pitit yo. Y'ap pataje ak paran yo sit entènèt ki bay pratik egzamen ak plis enfòmasyon sou kritè lekòl yo.	Atelye sou Fason pou pran Egzamen 15 fevriye e 22 fevriye a 6pm		X X X		X X X
Tranzisyon (jaden danfan, klas entèmedyè/ klas segondè)	Atelye sa yo ap bay paran yo enfòmasyon pou ede pitit yo fè yon tranzisyon fasil nan chajman y'ap fè nan lekòl la.	Bay paran elèv k'ap antre nan jaden Danfan yo enfòmasyon sou kouman pou yo prepare pitit yo pou lekòl la. Y'ap bay paran elèv klas 5è ane yo enfòmasyon pou ede yo prepare pitit yo pou Klas Entèmedyè yo.	Reyinyon klas Jaden Fanfan, 17 me a 3:00 Preparasyon pou Klas Entèmedyè, 16 me a 3:00				X x
Alfabetizasyon 1116 (e)	Bay paran yo estrateji pou ede yo ede pitit yo lakay yo.	Ap gen liv gratis pou elèv ki patisipe yo Y'ap ba yo konsèy ak estrateji pou lekti	Atelye alfabetizasyon yo ap fèt nan Sant Medya a nan dat 19 janvyè a 5pm				X
Teknoloji, sit Pòtay Paran yo	Bay paran yo enfòmasyon sou kouman pou yo navige nan Pòtay Paran an pou yo tcheke nòt pitit yo. Atelye sou sekirite sou entènèt la, chache kont sou entènèt epi enfòmasyon sou lòt sit entènèt edikatif yo.	Atelye pratik.	Atelye Pòtay Paran yo ap fèt nan laboratwa ôdinatè a nan dat 13 novanm a 6pm				X
Inivèsite ak Lekòl Metye							
Egzijans Gradyasyon/Bous Detid							
Kouman w evalye bezwen paran yo? Èske w konsilte paran yo pou w di yo ki kalite aktivite oswa atelye ou genyen nan lekòl ou a?		<ul style="list-style-type: none"> Reyinyon komite SAC, PTO/PTA, Konsèy Komite Paran yo Sondaj paran yo, sondaj paran Distri a Evalyasyon nan atelye anvan yo Reyinyon paran yo pou revise pake kontra lekòl la/ ansyen SIP/PFEP 					
Kouman w evalye efikasite?		<ul style="list-style-type: none"> Koleksyon enfòmasyon Rezilta sondaj yo Kòmantè sou sondaj yo 					

<p>Eskplike kouman lekòl ou a bay paran/fanmi yo materyèl ak fòmasyon pou ede Bay yo travay ak pitit yo pou sipòte yo lakay yo. egzanp.</p>	<p>The school provides materials and trainings to assist parents through a varied of ways.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Newsletters with tips • Tips on your website • Curriculum guides • Homework guide for parents • Strategies for parents to use at home • Books/reading materials • Projects • Video clips • Information in other languages
<p>Eskplike kouman lekòl ou a aplike aktivite ki bati rapò ak kominote a, kolaboratè biznis yo ak legliz yo pou amelyore reyisit elèv yo?</p>	

- *Lekòl la ap bay materyèl ak fòmasyon pou ede fanmi yo travay ak pitit yo pou amelyore reyisikt yo, tankou fòmasyon nan li ak ekri e nan itilize teknoloji, kòm sa dwa pou sipòte patisipasyon paran yo. Ekri tout sa ki aplikab pou ou: Kritè Lekòl Florid yo/pwogram, egzamen, kontwòl pwogrè elèv yo, alfabetizasyon (li ak ekri), enfòmasyon sou tranzisyon (Kaden Danfan, Klas Entèmedyè, Klas Segondè), inivèsite ak lekòl matye, Egzijans Gradyasyon & bous detid, teknoloji, etc.*

Bati Kapasite Pèsonèl la (Fòmasyon)

Lekòl la ap edike pwofesè yo, pèsonèl sèvis elèv yo, direktè a ak lòt manm pèsonèl la sou valè ak itilite kontribisyon paran yo. Edikatè yo dwe resevwa fòmasyon tou sou fason pou yo antre an kontak ak paran yo; pou kominike avèk yo; travay avèk yo kòm kolaboratè egal; pou aplike e kòdone pwogram paran yo; epi pou bati pon ant paran yo ak lekòl la **[Seksyon 1116(e) (3)]**.

<p>Tanpri detaye aktivite devlopman pwofesyonèl lekòl la ap mete pou edike pwofesè yo, pèsonèl sèvis elèv yo, direktè yo ak lòt manm pèsonèl la...</p> <ul style="list-style-type: none"> ○ <i>Fason ou antre an kontak, kominike e travay ak paran yo/fanmi yo kòm kolaboratè egal</i> ○ <i>Valè ak itilite kontribisyon paran/fanmi yo</i> ○ <i>Fason ou aplike e kòdone pwogram paran/fanmi yo</i> ○ <i>Fason ou bati pon ant paran/fanmi yo e lekòl la</i> 				
<p>Tanpri detaye pi ba a kouman ou fè sa a:</p>				
<u>Sijè – Tit li</u>	<u>Objektif</u> Kouman sa ede pèsonèl la bati rapò ant lekòl la ak paran yo?	<u>Modèl aplikasyon an:</u> (atelye, lekti liv, etc.) Prezantatè a	<u>Ki moun ki fè pati piblik la?</u>	<u>Dat/lè ki prewva</u>
Fikse yon Plan Angajman pou Fanmi yo	<u>Patisipasyon paran yo</u>	<u>Asistan Direktè a</u>	<u>Pèsonèl Anseyan an</u>	<u>Diran tout ane lekòl 2017-2018 la</u>
Rankont/ajennda rankont Efikas ak Paran yo	<u>Patisipasyon paran yo</u>	<u>Asistan Direktè a ak Pwofesè Sal Klas yo</u>	<u>Pwofesè Sal Klas yo</u>	<u>16 oktòb 2017</u>
Etid Liv	<u>Nouvo pwofesè yo amelyore Pratik enstriksyon yo</u>	<u>Etid Liv</u>	<u>Nouvo pwofesè yo</u>	<u>Ap kontinye diran tout ane a</u>

Kominikasyon

Lekòl la ap bay paran timoun k'ap patisipe nan pwogram yo detay ak eksplikasyon sou pwogram lekòl la, kalite evalyasyon akademik ki itilize pou mezire pwogrè elèv yo, epi nivo konpetans y'ap tann nan men elèv yo **[Seksyon 1116(c)(4)(B)]**; si paran yo mande sa, gen opòtinite pou òganize reyinyon regilye pou paran yo bay sijesyon yo e patisipe nan desizyon konsènan edikasyon pitit yo **[Seksyon 1116(c)(4)(C)]**;

<p>Kouman ou avèti fanmi yo san pèdi tan, lè pitit yo ap resevwa enstriksyon pandan 4 semèn ou plis nan men yon pwofesè k'ap anseye yon matyè ki pa branch li?</p>	<p>Yo fè lekòl yo obligasyon pou yo avèti chak fanmi san pèdi tan lè pitit yo ap resevwa enstriksyon pandan 4 semèn ou plis nan men yon pwofesè k'ap anseye yon matyè ki pa branch li. Kenbe prèy lèt sa yo avèk yon lis paran ki resevwa lèt yo nan dosye pou verifikasyon. Kòdonatè pwogram lekòl Tit I yo ap kontwòle pou wè si chak lekòl Tit I respekte prensip sa yo.</p>
<p>Kouman ou bay chak fanmi enfòmasyon avètisman san pèdi tan konsènan dwa yo genyen pou mande enfòmasyon sou kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè ak asistan pwofesè k'ap travay nan sal klas elèv la?</p>	<p>Lèt sou dwa paran yo pou yo jwenn enfòmasyon al jwenn yo ansanm ak enfòmasyon yo mete ladan yo.</p>

<p><i>evalyasyon ki itilize pou mezire pwogrè elèv yo epi nivo reyistè y ap tan nan men elèv yo</i></p> <p><i>Kouman lekòl la pral bay chak fanmi yon rapò separe sou travay pitit yo nan evalyasyon yo nan egzamen leta yo?</i></p>	<p>Lè rezilta travay elèv yo disponib, elèv yo ap pote rezilta yo bay paran yo lakay yo.</p>
<p><i>Kouman ou rasire w lekòl ou a òganize rankont paran ak pwofesè, omwen chak ane, kote yo chita tandè sou pake kontra lekòl la nan sa ki gen pou wè ak reyistè chak elèv?</i></p>	<p>Yo mande chak lekòl primè Tit I pou òganize omwen yon rankont fas a fas ak chak paran/fanmi elèv. Chak lekòl primè gen obligasyon pou l gen yon ajènda sou sa pwofesè yo dwe wè ki fè pati rankont lan. Lekòl yo ap konseve rejis pwofesè yo ki endike da, lè, paraf paran ki monte yo te tifechi sou pake kontra a avèk yo. Lekòl yo gen obligasyon pou yo kenbe dokiman rejis pwofesè yo epi yon kopi ajènda yo itilize nan rankont yo.</p>

Kòdinasyon ak Entegrasyon:

Lekòl la ap kòdone e entegre pwogram ak aktivite patisipasyon paran kote y'ap anseye paran yo kouman pou yo ede pitit yo lakay yo, nan nivo ki feزاب e kòrèk, tankou men se pa sa sèlman, lòt pwogram federal tankou: Head Start (Avans), Early Reading First (Li Bonè Dabò), Even Start (Koumansman Egal), Pwogram Enstriksyon Lakay pou Timoun Preskolè yo, Pwogram Paran yo kòm Pwofesè, preskolè piblik, Tit I, Pati C, Tit II, Tit III, Tit IV ak Tit VI [Seksyon 1118(e) (4)].

Detaye kouman ou kòdone e entegre pwogram ak aktivite angajman paran ak fanmi yo nan chak bagay pi ba yo pou ede paran yo aprann kouman pou yo ede pitit yo lakay yo:

○ Sanzabri	<ul style="list-style-type: none"> • Lekòl la travay ak pwogram HEARTH la. • Yo mande pwofesè yo pou yo ranpli yon sondaj selon kote timoun yo ap viv. • Paran timoun ki sanzabri yo kapab patisipe nan atelye ak fòmasyon paran/pwofesè lekòl la mete yo.
○ Migran	<ul style="list-style-type: none"> ○ Lekòl la bay elèv yo materyèl/enfòmasyon nan lang manman yo. ○ Asistan pwofesè ESOL lekòl la travay ak depatman Migran yo. ○ Yo voye fè vizit lakay paran yo sou baz bezwen chak moun. ○ Yo mete traktè disponib nan atelye yo nan lang manman paran yo.
○ Preskolèl	<ul style="list-style-type: none"> • Lekòl la travay ak pwofesè preskolè yo nan etablisman lekòl pitit ou a. • Paran yo resevwa envitasyon pou patisipe nan pwogram/aktivite k'ap dewoule nan lekòl la. • Lekòl la ede prepare yo pou klas jaden danfan diran tout ane a e li òganize reyinyon pou klas jaden danfan tou.
○ ESOL	<ul style="list-style-type: none"> ○ Lekòl la gen yon asistan pwofesè ESOL. ○ Lekòl la bay paran yo enfòmasyon nan lang manman yo. ○ Lekòl la travay ak depatman ESOL la pou l jwenn materyèl/sèvis pou paran yo.
○ Konsèy Komite Lekòl la (SAC)	<ul style="list-style-type: none"> • Se nan vòt yo fè yo chwazi manm yo. • Yo envite tout paran yo pou yo vin patisipe nan reyinyon yo. • Yo avèti paran yo konsènan reyinyon yo nan divès fason tankou; panno afichaj la, email, sit entènèt e nan nòt yo voye lakay yo. • Paran yo kapab pale nan reyinyon yo menm si yo pa manm. • Nan reyinyon yo, yo ofri paran yo enfòmasyon ak materyèl pou ede yo aprann kouman pou yo ede pitit yo lakay yo.
○ PTO/PTA	<ul style="list-style-type: none"> ○ Se nan vòt yo fè yo chwazi manm yo. ○ Yo envite tout paran yo pou yo vin patisipe nan reyinyon yo. ○ Yo avèti paran yo konsènan reyinyon yo nan divès fason tankou; panno afichaj la, email, sit entènèt e nan nòt yo voye lakay yo. ○ Paran yo kapab pale nan reyinyon yo menm si yo pa manm. ○ Nan reyinyon yo, yo ofri paran yo enfòmasyon ak materyèl pou ede yo aprann kouman pou yo ede pitit yo lakay yo.
○ Ajans Kominotè yo	<ul style="list-style-type: none"> • Atravè panno afichaj ak sit entènèt nou yo, manm kominote a kapab patisipe nan aktivite k'ap dewoule nan lekòl la. • Atravè panno afichaj ak sit entènèt la, yo kominike ak manm yo konsènan aktivite yo. • Lekòl la kolabore avèk yo pou sipòte aprantisaj andeyò lekòl la.
○ Klib Booster (Sipò)	<ul style="list-style-type: none"> ○ Pa kounye a
○ Kolaboratè Biznis yo	<ul style="list-style-type: none"> • Kolaboratè biznis yo se manm kominote a yo ye. • Pa gen pwogram oryantasyon pou kounye a.

<p>Ki opòtinite paran yo genyen pou yo patisipe nan edikasyon pitit yo? Travay kòm volontè Seksyon 1116 (d) (c) Konseye</p>	<ul style="list-style-type: none"> • PYo enfòmè paran yo sou fason yo kapab patisipe nan aktivite lekòl nan fèy piblisite yo mete nan kanè leson yo, sit entènèt e nan panno afichaj. • Paran k'ap travay oswa kip a kapab nan lekòl la gen opsyon pou yo gade yon videyo sou entènèt la oswa yo ka resevwa enfòmasyon yo nan men pwofesè klas pitit yo.
<p>Detaye ki fòm kominikasyon ou bay paran yo nan modèl yo ka konprann e ki senp konsènan:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Lekòl la ak pwogram paran yo, • reyinyon, • rezilta travay elèv yo, • ak lòt aktivite 	<ul style="list-style-type: none"> • Plan an ak pake kontra lekòl la • Sistèm mesaj lekòl la • Fèy piblisite, avi, envitasyon • kalandriye • sit entènèt • panno afichaj lekòl la • jounal lekòl la e/oswa jounal klas yo • atelye paran yo • reyinyon PTO/PTA oswa komite SAC • rapò pwogrè elèv yo • Bilten, rezilta pwovizwa travay elèv yo, enfòmasyon sou egzamen leta yo/sou pwogram lekòl la
<p>Ki baryè ki jennen patisipasyon nan aktivite patisipasyon paran yo? Ki demach w'ap anvizaje pou ane lekòl sa a pou w simonte baryè sa yo? (ak atansyon espesyal pou paran ki pa gen mwayen lajan yo, sa yo ki enfim, sa ki pa pale anpil Angle yo, sa ki pa save yo, oswa sa ki twouve yo nan gwoup rasyal/gwoup etnik minoritè)</p>	<p>Kèk baryè ki posib se; transpò, lang, gadri, orè travay, moun sanzabri, fanmi ki separe, enfimite</p> <p>Selon popilasyon w yo...eksplike ki prezizeman kouman w sansib ak yon seri bagay e ki sa w fè pou w simonte baryè sa yo</p> <ul style="list-style-type: none"> • Pou moun ki pa gen mwayen ekonmik yo, lekòl la bay materyèl, li ofri manje/rafrechisman kè ak gadri lè sa posib. • Gen espas pou moun ki enfim ki disponib • Pou moun ki pa konn anpil Angle yo, lekòl la mete tradiktè, materyèl nan lòt lang ak atelye nan lang pa yo. • Pou paran ki pa twò fò nan fè lekti yo, lekòl la ofri kou pou yo, materyèl kip a genyen jagon ni mo abreje. • Pou minorite rasyal/ etnik yo, lekòl la sansib pou kilti yo, gen balans rasyal nan pèsònèl lekòl la e li mete pwogram/aktivite pou plizyè kilti.
<p>Kouman lekòl ou a bay paran yo enfòmasyon nan lang manman yo? Nan ki kantite lang ou bay sèvis? Seksyon 1116 (e) (5) Èske w bay tradiktè oswa fasilite nan aktivite/atelye paran yo? Oswa, èske w mete atelye nan lang manman paran an? Eksplike.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Atelye yo dewoule nan lang espanyòl e/oswa kreyòl ayisyen • Yo mete tradiktè dispinib nan tout aktivite k'ap dewoule nan lekòl la a travè • Yo bay tout kominikasyon yo nan.....(apèl nan telefòn, jounal lekòl la, sit entènèt, nan panno afichaj la, fèy piblisite, etc)
<p>Detaye kouman lekòl la ankouraje e sipòte plis opòtinite pou gen plis angajman enpòtan paran yo nan edikasyon pitit yo.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Sant Sipò pou Paran/Fanmi Tit I yo • Bis Koneksyon Liv la • Inivèsite Paran yo • Lòt mwayen 	<ul style="list-style-type: none"> • Yo mete enfòmasyon nan sit entènèt la • Kaye Nòt Enfòmasyon Paran yo/Fanmi yo (PIN) <p>Yo voye bay paran yo</p> <ul style="list-style-type: none"> • Enfòmasyon nan jounal lekòl la/jounal klas pitit ou a • Fèy piblisite yo al jwenn paran yo • Kalandriye chak mwa yo al jwenn paran yo pou PIRC la (presize ki PIRC k'ap bay lekòl ou a sèvis) • Orè Koneksyon Liv la <p>Etikèt kolan nan kanè leson yo</p>